



Aplikasyon pou Asistans Finansye pou Frè Ospitalizasyon nan Eta New York NYS Uniform Hospital Financial Assistance Application

Ou ka kalifye pou asistans finansye lopital pou peye bòdwo ou si ou pa gen asirans, si asirans ou fin itilize, oswa si ou gen asirans sante men ou gen prèv depans medikal total pou peye a plis pase 10% nan revni ou. Lè w ranpli fòmilè sa a, sa ap kòmanse demann ou an pou asistans finansye pou frè ospitalizasyon an. Se tout lopital nan Eta New York ki itilize fòmilè sa a.

Aplikasyon sa a dwe enprime nan lang prensipal¹ chak pasyan k ap resevwa sèvis nan lopital la.

Non pasyan an (enfòmasyon konplè ki aplikab)

Patient Name – complete information that is applicable

Non pasyan (Premye non, Non entèmedyè, Siyati) Patient Name (First, Middle, Last)		
Dat nesans li (mm/dd/yy) Date of Birth (mm/dd/yyyy)		
Adrès Address	Nimewo Apatman/Inite Apartment/Unit #	
Vil City	Leta State	Kòd Postal Zip
Nimewo telefòn pou kontakte w Contact Phone		
Non Paran/Responsab legal oubyen non Reprezantan legal la (si pasyan an se yon timoun minè oswa yon granmoun ki pa ka pran desizyon) Parent/Guardian or Lawful Representative Name		
Adrès Imèl (si genyen) Email address (if any)		

Enfòmasyon sou Fanmi:

Tanpri fè endike tout manm fanmi ki nan kay ou anba a. Lakay ou a gen ladan tèt ou, mari/madam ou oswa patnè domestik ou, ak nenpòt timoun oswa lòt moun ki sou kont ou. Pa egzanp, sa t ap gen ladan I tout moun ki nan lis nan menm deklarasyon revni an. Revni brit vle di revni ou **anvan** yo dedui taks.

Nan revni brit la ka gen salè travay (salè, prim, salè ki sot nan travay endependan), revni ki pa gen rapò ak anplwa (sekirite sosyal, andikap, ak benefis chomaj), kontribusyon (lajan ou resevwa nan men fanmi oswa zanmi), ak lòt sous revni (asistans tanporè ak revni kòm èd tanporè siplemantè).

Non konplè Full name	Relasyon Relationship	Total Revni Brit (Aktyèl) Total gross income (current)
	Pwòp tèt ou	

¹ "Lang prensipal yo" gen tout lang yo te itilize pou kominike nan omwen 5% nan vizit pasyan yo chak ane, oswa tout lang plis pase 1% populasyon an pale nan zòn lopital la ap bay sèvis la, selon Done Demografik Biwo Resansman Etazini an bay ansanm ak enfòmasyon sistèm eskolè yo konplete.

--	--	--

Lopital la ka mande w pou w soumèt dokimantasyon kòm prèv revni; egzanp dokiman yo ka gen ladan yon fich pèman, yon lèt anplwayè w la si sa aplikab, oswa Fòmilè 1040 lan.

Estatistiques d'assurance maladie

Eske ou gen nenpòt fòm asirans sante, ki gen ladan Medicaid, Medicare, oswa asirans prive atravè anplwayè w la oswa ou pran pou kont ou? Yes Wi Non

Si ou reponn "Non," eske ou ta renmen jwenn asistans pandan w ap aplike pou nenpòt nan pwogram sa yo? Would you like assistance programs?

Yes Wi Non

Pasyan ki pa gen ase asirans: moun ki gen asirans epi depans medikal yo wo. Si ou gen asirans, tanpri bay yon estimasyon sou bòdwo medikal ou peye nan 12 mwa ki sot pase yo.

\$

Lopital la ka mande w pou w soumèt dokimantasyon kòm prèv depans medikal ou yo.

Pasyan /Moun ki Responsab la: Si se pa pasyan an, fè lis non moun ki siyen fòmilè a ak otorite yo pou siyen I nan non pasyan an (egzanp, mari/madanm, paran, reprezantan legal).

Mwen konprann yo ka al verifye enfòmasyon mwen soumèt yo nan yon seri sous ekstèn. Mwen sètifye enfòmasyon an vrè epi yo konplè selon sa m konnen.

Non Ekri ak Lèt Detache/ Print Name	Dat/Date
Relasyon ak Pasyan an/Relationship to Patient	
Siyati/Signature	

Kondisyon Minimòm pou Elijibilite ak Direktiv yo

Minimum Eligibility and Guidelines

Delè Aplikasyon, Dwa Pasyan, ak Konfidansyalite

- Ou ka aplike pou asistans finansye nan nenpòt ki pwen pandan pwosesis koleksyon an.
- Ou pa oblige fè okenn pèman nan lopital sa a jiskaske ou resevwa yon desizyon sou aplikasyon ou a pou asistans finansye. Yo pa bay lopital yo otorizasyon pou voye dosye yo bay ajans rekouvreman tout tan dosye yo annatant.
- Si yo refize ba ou asistans finansye, ou gen dwa pou w fè apèl. Y ap mete fason pou w fè sa a nan avi lopital la w ap gen pou w resevwa a. Ou ka gen dwa pou fè apèl kont kantite lajan asistans finansye w la. Lopital la ap mete enfòmasyon sou fason pou fè apèl nan lèt desizyon yo a.
- Lopital la pa ka voye yon bòdwo ki pa peye bay yon ajans rekouvreman pandan omwen 180 jou apre yo fin voye premye bòdwo ou a ba ou.
- Yo entèdi lopital yo pou yo pran aksyon legal, san wete pwosè ranpli, pou refè bòdwo medikal ki pa peye pou pasyan ki pi ba 400% nan nivo povrete federal la. Ou ka jwenn direktiv povrete a la a: <https://aspe.hhs.gov/topics/poverty-economic-mobility/poverty-guidelines>
- Lopital la pral itilize enfòmasyon yo bay nan aplikasyon sa a sèlman pou detèmine elijibilite w pou w resevwa èd finansye epi l ap rete konfidansyèl nan limit lalwa prevwa.
- Yon lopital pa ka refize ba w sèvis medikal nesesè paske ou gen yon bòdwo medikal ou pa ko peye.
- Si ou bezwen asistans avèk aplikasyon sa a, tanpri kontakte konseye finansye yo nan nimewo ki anba yo oswa fè yon evalyasyon sou pwòp tèt ou sou pòtay depistaj nou an nan maimo.mapsng.com.

Pou Kont medikal: 718-283-7790

Pou Kont Sante Konpòtmantal:

718-283-8177

Si ou prefere fè evalyasyon an sou entènèt, 
tanpri ale sou maimo.mapsng.com oswa
eskane kòd QR sa a.

- Si ou bezwen plis asistans avèk aplikasyon sa a oswa èd pou fè apèl kont yon desizyon, ou ka kontakte Defansè Sante Kominotè yo: 888-614-5400.

Kalkil

Pa gen anyen ki limite kapasite yon lopital pou etabli elijibilite pasyan yo pou rabè nan nivo revni ki pi wo pase sa yo ki espesifye anba a epi/oswa bay pi gwo rabè pou pasyan ki elijib pase sa Lwa Sante Biblik yo rekòmande. Mete sou sa, sitiyasyon imigrasyon pa dwe yon kritè elijiblite pou detèmine asistans finansye.

Moun sa yo kalifye:

- Moun ki gen revni fèb san asirans sante; oubyen
- moun ki pa gen ase asirans (sa vle di moun kote frè medikal yo gen pou peye pandan douz (12) mwa ki sot pase yo depase dis (10) poustan revni brit yo chak ane); oswa
- moun ki fin itilize avantaj asirans maladi yo epi ki ka demonstre yo pa gen kapasite pou peye frè konplè yo, oswa

- selon konsiderasyon lopital la, moun ki ka demontre yo pa gen kapasite pou yo fè kopèman epi/oswa franchiz yo ka mande yon pèman redui oswa yon rabè.

Moun ki nan jiska 400% nivo povrete federal la kalifye pou asistans finansye.

Nivo Povrete Federal (2025) Federal Poverty Levels (2025)			
Kantite moun ki kay la	200%	300%	400%
1 Moun	\$31,300	\$46,950	\$62,600
2 Moun	\$42,300	\$63,450	\$84,600
3 Moun	\$53,300	\$79,950	\$106,600
4 Moun	\$64,300	\$96,450	\$128,600
5 Moun	\$75,300	\$112,950	\$150,600
6 Moun	\$86,300	\$129,450	\$172,600
7 Moun	\$97,300	\$145,950	\$194,600

Mizajou chak ane: <https://aspe.hhs.gov/topics/poverty-economic-mobility/poverty-guidelines>

To rabè minimòm Minimum discount Rates

Si ou kalifye pou asistans finansye, frè ou yo ap redui selon revni ou sou yon echèl èd finansye selon revni nan fason sa a:

Nivo revni/ Income	Peman/Payment
Pi ba pase 200% Nivo Povrete Federal (Federal Poverty Level, FPL)	Anile tout frè yo
200% jiska 300% FPL	<p>Pasyan ki pa gen asirans: Echèl selon revni jiska 10% nan kantite lajan Medicaid ta dwe peye pou sèvis la(yo).</p> <p>Pasyan ki pa gen ase asirans: Jiska yon maksimòm de 10% montan pasyan an t ap gen pou peye nan kad kouvèti asirans li a.</p>
301% jiska 400% FPL	<p>Pasyan ki pa gen asirans: Echèl selon revni jiska 20% nan kantite lajan Medicaid ta dwe peye pou sèvis la(yo).</p> <p>Pasyan ki pa gen ase asirans: Jiska yon maksimòm de 20% montan pasyan an t ap gen pou peye nan kad kouvèti asirans li a.</p>

Lopital yo ka chwazi bay pi gwo rabè pou pasyan ki kalifye epi/oswa ofri rabè pou pasyan ki gen revni ki pi wo yo.

Plan vèsman/Installment Plans

Plan vèsman yo disponib pou pasyan ki pa kapab peye tarif redui a nan yon sèl fwa. Pèman chak mwa yo pa ka depase 5% nan revni brit chak mwa ou ak to enterè ki aplike sou balans ki pa ko peye a, si genyen, pa dwe depase 2%.

Demann pou Prèv Revni Kay la

Request for Proof of Household Income

Tanpri enkli enfòmasyon revni pou pasyan an, mari/madanm li, ak nenpòt moun ki sou kont li (tankou timoun yo). Pa egzanp, sa t ap gen ladan I tout moun nan menm deklarasyon taks (deklarasyon taks, madanm/mari, moun ki sou kont fanmi an) nan kalkil revni kay la.

Sa ki anba la a se yon lis dokiman ou ka itilize pou pwouve revni ou. Ou pa oblige bay tout dokiman sa yo. Ou kapab bay yon deklarasyon si pa gen revni kay la si ou pa gen revni.

Ou ka bay paj desizyon elijibilite ki sot sou pòtay Mache Asirans Sante Eta New York (NY State of Health Marketplace) la. Si ou gen dokiman sa a, ou pa oblige bay lopital la okenn lòt enfòmasyon revni ki nan lis anba a.

Si Kay la resevwa: If family receives	Kantite lajan pa Mwa: Amount/month	Moun ki aplike a Ka Bay: Applicant may provide
Salè Salary	\$	Tanpri bay yon sèl fich pèman, oswa yon lèt anplwayè a sou yon papye ki gen antèt antrepriz la, ki gen siyati ak dat sou li, oswa deklarasyon revni ki pi resan an.
Peman Sekirite Sosyal SS Payments	\$	Yon kopi notifikasyon/sètifica atribisyon, oswa tout korespondans ki soti nan Administrasyon Sekirite Sosyal Etazini an, oswa lèt chak ane ki gen rapò ak benefis yo. Pou mande yon kopi lèt avantaj Sekirite Sosyal ou a, rele 1-800-772-1213 oswa vizite www.ssa.gov .
Konpansasyon pou chomaj Unemployment Comp	\$	Yon kopi lèt/sètifica atribisyon, oswa relve chak mwa sou benefis Depatman Travay Eta New York la, oswa yon kopi kat pèman dirèk la ki akonpaye ak yon relve, oswa yon korespondans Depatman Travay Eta New York la, oswa yon empresyon enfòmasyon konsènan kont benefisyè a ki sot sou sit entènèt Depatman Travay Eta New York la (www.labor.state.ny.us).
Peman pou andikap Disability/payment	\$	Kopi lèt/sètifica atribisyon, oswa korespondans Administrasyon Sekirite Sosyal, oswa kopi lèt chak ane pou avantaj yo. Pou mande yon kopi lèt avantaj ou a, rele 1-800-772-1213 oswa vizite www.ssa.gov .
Konpansasyon nan ka aksidan nan travay/ Work. Comp	\$	Kopi Lèt Atribisyon oswa Fich pèman.
Alimoni/Sipò pou Timoun Alimony/child supp	\$	Kopi òdonans tribunal la, oubyen 3 mwa chèk ki depoze/resi.
Dividann/Enterè Divident/Interest	\$	Relve dividann trimès yo oswa relve chak 1 mwa yo.
Lòt Other	\$	Lèt ki endike montan revni ki pa soti nan salè (si genyen), tankou revni lokatif, oswa pèman lajan kach pou yon seri ti travay, elatriye.
Pa gen revni/ No income	\$0	Atestasyon ki te siyen konsènan absans revni.